



CHEMEN RENMEN AN

Sa n dwe fè pou Bondye mele nan tout sa n ap fè

**Retrèt yon-jou pou
Chemen renmen an**

www.episcopalchurch.org/wayoflove

CHEMEN RENMEN AN

RETRÈT YON-JOU POU CHEMEN RENMEN AN

Materyèl yo fè pou lidè oubyen pou ekip dirijan yo sèvi

Retrèt yon jou sa a pou Chemen renmen an reponn envitasyon Evèk Alatèt la, Michael Curry, te fè pou nou antre nan yon moman refleksyon entansyonèl, nan lespri disèneman, ak angajman otou aktivite sa yo: Vire, Aprann, Priye, adore Bondye, Beni moun, Ale nan misyon, epi Repoze. Li entwodi sèt aktivite sa yo bay patisipan yo atravè prezans moun ki gen esperyans epi li ba patisipan yo yon opòtinite pou yo fè aprantisaj Chemen renmen an, reflechi sou li, epi pran angajman yo sou sa.

Ki lè: 9 am–3 pm

- Lè w ap planifye orè a pou jounen an, kite ase tan pou manje midi a (45 min. a innèdtan).
- Sesyon yo pa dwe depase 30 minit, epi planifye bon valè tan pou chak pòz.
- Fè lide founi materyèl pou moun priye ki gen diferan koulè. Moman retrèt yo se moman ki kab kreye espas pou lapenn ak gwo anvi pèse. Kote ki gen silans pou moun priye pèmèt gen espas tou pou moun rive jere lide sa yo ak santiman sa yo.

Objektif

- Entwodi konsèp Chemen renmen an.
- Kreye espas pou moun reflechi pou kont yo epi fè kèk aktivite.
- Kòmanse etabli yon règ lavi pou nou kab suiv Chemen renmen an.

Metòd

- Se yon jou yo met apa espere e ki pi lan pase lavi toulejou a.
- Se yon jou ki chaje ak adorasyon, kote moun gen tan pou yo repoze epi pou yo reflechi.
- Chak sesyon kòmanse ak yon refleksyon twa a sen minit nan estil yon retrèt sou yon aktivite, lidè retrèt la ofri oubyen volontè ki te prepare depi davans pou sa kab ofri tou.
- Apre chak prezantasyon kout, y ap envite patisipan vin fè yon konvèsasyon epi fè yon aktivite. Remake kesyon endikatè ki antre nan refleksyon nan chak sesyon yo se bagay yo fè tout espere pou gide moun k ap prezante yo lè y ap reflechi sou prezantasyon yo a.
- Ton retrèt la se yon ton ki pou gen sans yon envitasyon olye l ta parèt yon obligasyon.

Materyèl pou ede moun prepare yon retrèt yon sèl jou

- Bwochi Chemen renmen an founi moun yon apèsi sou Chemen renmen an.
- Gid refleksyon “Lè w vle kòmanse a” (“Getting Started”) ofri vokabilè debaz ak yon seri kesyon pou fè moun reflechi sou chak aktivite.
- Ti liv Chemen renmen yo gen lis lekti, chante, ak koleksyon materyèl ki asosye ak chak aktivite nan Chemen renmen an.
- Leksyonè Chemen renmen Dyosèz Wachintonn nan pwodui yo, ofri yon lòt seri lekti ak koleksyon materyèl pou Chemen renmen an.
- Gid ti gwoup Chemen renmen an ofri enfòmasyon ki te la deja sou Chemen renmen an ak lòt materyèl tankou priyè ak yon lis chante.
- Mizik yo sijere ak Materyèl pou litiji yo la pou ede moun k ap planifye adorasyon an oubyen moun ki responsab mizik la ki nan gwoup ou a.

ORÈ

Lè moun yo rive

- Retrèt la kòmanse lè patisipan yo kite “lakay yo”. Ale nan yon retrèt dwe yon bagay ki san traka san tèt chaje. Fè yon jan pou aranjanman lojistik yo fèt byen epi gen transpòtasyon ki ap pare tann tout moun.
- Fè yon jan pou patisipan yo jwenn kote retrèt la ap fèt la byen fasil. Fè pankad ki ap di moun yo nou kontan wè yo.
- Prepare yon kote apa pou w resevwa moun k ap vini yo, kote y ap jwenn bagay nou deja chwazi pou yo li ansanm ak rafrechisman tou [paregzanp, fwi, pistach, nwa, grenn zanmann sèch, ti bonbon, dlo, kafe ak te (ki gen kafeyin oubyen ki san kafeyin)].

Oryantasyon ak entwodiksyon (20 min.)

- Akeyi patisipan yo, esplike yo sa ki gen nan espas la epi ki sa ki gen nan orè a.
- Mande moun yo entwodi tèt yo epi bay kèk ransèyman sou tèt yo nan youn oubyen 2 fraz. Pawòl tankou nan ki vil yo soti, nan ki legliz yo mache oubyen nan ki gwoup yo ye, pou ki rezon yo vini, eksetera. (Pa bliye, si gwoup la gen plis pase dis moun, entwodiksyon yo ap pran plis tan).
- Bay moun yo yon ti apèsi sou Chemen renmen an ki baze sou sa ki nan bwochi Chemen renmen an.
- Sa ta kapab ede n si nou ta montre videyo Achevèk la k ap envite nou suiv Chemen renmen an. Se yon videyo yon moun kab telechaje sou sit sa a episcopalchurch.org/wayoflove.

Premye adorasyon (20-40 min.)

- Kòmanse ak priyè pou maten an oubyen Ekaris la.
- Chwazi pasaj yo pral li, priyè, koleksyon materyèl, chante nan materyèl litijik Chemen renmen an ki chita sou “Règ lavi a” an patikilye.
- Pa bliye chwazi Jan 15:1-8 kòm lekti/oubyen levanjil la epi kòm baz refleksyon nou. Sèvi ak opòtinite sa a pou nou diskite “Ki sa yon règ lavi ye?” Kòm gid sèvi ak “Aryè plan Diskisyon” nan Sesyon I an nan pwogram pou ti gwoup nan Chemen renmen an.

Yon kanpo (5 min.)

Sesyon I: Vire (30 min.)

Pan yon pòz, koute, epi chwazi pou w suiv Jezikri.

Tankou disip yo, Jezikri rele nou pou nou suiv Chemen renmen an. Ak Bondye nou kab soti anba pouvwa peche, anba rayisman, anba laperèz, anba enjistis, epi anba abi pou nou pran chemen verite a, chemen renmen an, chemen espwa a, chemen jistis ak libète a. Lè nou kase tèt tounen nou reyoryante lavi nou nan direksyon Jezikri. Nou vin renmen Jezi pi plis toujou.

- Lidè a oubyen volontè a va di 2 mo pandan 3 a 5 minit sou jan l chanje direksyon, li va poze kesyon tankou: Nan ki okazyon ou te santi ou te fè youn ak Bondye nan ane ki sot pase a? Ki lè ou te santi ou te lwen Bondye nan ane ki sot pase a? Ki sa te lakòz vin gen yon diferans ki mete w kote w ye nan lavi a nan rapò w ak Bondye?
- Egzèsis: Mande patisipan yo pou yo deplase al yon kote nan sal la y ap jwenn fèy blanch, plim, ak makè. Mande yo pou yo fè yon lis oubyen pou yo desinen bagay ki fè yo retire lide yo sou Bondye (Tankou; abitud, responsablite, eksetera). Apre sa, fè yo al nan lòt bò sal la ak papye a. La a, mande yo pou yo vire papye a sou fas ki vid la epi pou yo ekri oubyen pou yo fè desen sa ki pou kapte preyokipasyon yo epi ki etap yo dwe franchi semèn sa a pou yo antre nan Chemen renmen an.

- Ankouraje patisipan yo pou yo pliye papye yo a epi mete l nan zafè yo.
- Bay patisipan yo chans pou yo pale de esperyans yo etan yon gwoup.
- Fini sesyon ak yon priyè lidè a fè oubyen yon volontè ki te prepare sa davans.

Bondye o tout lwanj ou sèke ou toujou gen pitye: Se pou w montre w gen gras pou tout moun ki pèdi chemen w lan, epi mennen yo tounen ankò ak yon kè ki repanti e ki gen lafwa solid pou yo anbrase verite sou pawòl ou a ki pa janm chanje a epi pou yo kenbe li fèm tou, Jezikri Pitit ou a; li menm ak Lespri Sen an k ap viv ak ou e k ap dirije ak ou etan yon sèl Bondye, pou tout tan gen tan. Amèn. (Yon koleksyon pou Dezyèm Dimanch Karèm, Liv Priyè Toulejou yo, p. 218)

Yon kanp (5 min.)

Sesyon 2: Aprann (30 min.)

Reflech sou labib chak jou, espesyalman sou lavi Jezikri ak sa li tap anseye yo.

- Lidè a oubyen volontè a va di 2 mo pandan 3 a 5 minit sou pwòp aktivite li nan aprann kichòy sou Jezikri nan labib, konsidere kesyon tankou: Kouman ou rive koud pawòl labib la ak pwòp pratik pa wou? Kouman pratik sa a rive fè w wè tèt ou, wè Bondye, epi wè lemonn an jeneral epi wè wòl w ap jwe nan lemonn?
- Egzèsis: Enterese moun yo fè yon senp etid bibliik ansanm. Konsidere yon metòd kon sa: African Bible Study (Gid detid bibliik Afriken), Gospel-Based Discipleship (Fòmè disip sou baz levanjil la), oubyen Dwelling in the Word(Rete anndan pawòl la), tout materyèl sa yo se materyèl yo dekri nan gid Piblikasyon Legli:z www.churchpublishing.org/siteassets/pdf/cultivating-the-missional-church/cultivating_missional_church_study_guide.pdf.
- Bay patisipan yo opòtinite pou yo pale de esperyans yo etan yon gwoup.
- Fini sesyon an ak yon priyè lidè a fè oubyen yon volontè ki te prepare pou sa depi davans. Oubyen fè priyè sa a:

Benediksyon pou wou Bondye ou menm ki lakòz yo ekri tout koze evanjelik pou nou kab aprann: Ban nou gras pou nou tande yo, li yo, make yo, aprann yo epi dijere yo anndan nou, kon sa you kapab anbrase yo epi kenbe espwa lavi ki pap janm fini an fèm nan nou; Lavi ou ban nou an gras ak Sovè nou Jezikri, li menm ki ap viv e ki ap dirije avèk ou ansanm ak Lespri Sen an etan yon sèl Bondye depi tout tan e pou tout tan. (Yon koleksyon pou ti liv 28 la, Liv Priyè Toulejou yo, p. 236)

Yon kanpo (5 min.)

Sesyon 3: Repoze (30 min.)

Resevwa kado Bondye yo; gras li a, lapè li a, ak restorasyon li a.

- Lidè a oubyen volontè a va di 2 mo pandan 3 a 5 minit sou aktivite pran repo a, li va poze kesyon tankou: Ki sa ki ede w gen kè poze nan Bondye? Ki sa ki remanbre kò w, lespri w ak espri w?
- Egzèsis:
 - » Si atmosfè a apwopriye, mande patisipan yo pou yo pase di minit an silans ankouraje yo pou yo al deyò a pandan y ap di pawòl sa yo nan kè yo: “Kalme w epi konnen mwen se Bondye” (Sòm 46:10).
 - » Si atmosfè a pa apwopriye oubyen tan pa bon pou moun soti deyò, mande patisipan yo fè 10 minit an silans, nan yon kote ki konfòtab pou yo pou yo chita kote yo konsantre sou respirasyon yo pandan y ap reflechi sou pawòl sa a:”Kalme w epi konnen mwen se Bondye” (Sòm 46:10).

- » Sèvi ak yon klòch ki pa sonnen fò oubyen yon mizik pou fè patisipan yo tounen nan plas yo lè 10 minit lan rive.
- Bay patisipan yo yon opòtinite pou yo pale de esperyans yo etan yon gwoup.
- Fini sesyon an ak yon priyè lidè a fè oubyen yon volontè ki te prepare pou sa depi davans, oubyen fini ak priyè sa a:

Bondye lapè a, ki montre nou nan kase tèt tounen epi nan repoze nou nou ap sove, silans nou epi lafwa nou se va fòs nou: Gras ak Lespri Sen an ki leve nou anlè, n ap priye, pou prezans ou, kote nou kab poze epi nou kab konnen ou se Bondye, gras ak Jezikri Senyè nou an. Amèn.

(Yon priyè pou lafwa an silans, Liv Priyè toulejou, p. 832)

Manje midi (45-60 min.)

Sesyon 4: Priye (30 min.)

Abite ak Bondye entansyonèlman chak jou.

- Lidè a oubyen volontè a va di 2 mo pandan 3 a 5 minit sou aktivite pa li sou kesyon priye a, li va poze kesyon tankou: Ki aktivite pèsònèl ou nan kesyon lapriyè a? Ki sa ki apwofondi kapasite w ak detèminasyon w pou w priye? Ki sa ki limite li?
- Egzèsis: Mande patisipan yo pou youn priye pou lòt avivwa nan yon sèk.
 - » Si sa apwopriye, mande gwoup la pou yo kanpe epi pou tout moun mete men dwat yo sou zèpòl goch moun ki sou bò dwat li a.
 - » Fè chak moun gen tou li nan sèk la pou li di yon bagay nan detwa mo li bezwen oubyen li espere e li ta renmen yo priye pou li.
 - » Moun ki agoch moun ki ap pale a ki gen men l sou zèpòl moun k ap pale a ap di yon priyè pou moun nan selon sa li bezwen an oubyen li espere a. Apre sa moun ki fèk fin priye va di sa li menm li bezwen ouswa sa li espere a.
 - » Fè tout wonn nan.
- Bay patisipan yon opòtinite pou yo pale de esperyans yo etan yon gwoup.
- Fini sesyon an ak yon priyè lidè a fè oubyen yon volontè ki te prepare davans pou sa, oubyen tou di priyè sa a:

Lwanj pou Bondye ki ap fè pouvwa li travay nan nou, ki kab fè bagay ki depase sa nou kab fè lontan ap imajine: Lwanj pou li depi dè jenerasyon an jenerasyon nan Legliz epi nan Jezi, Kris la pou tout tan k gen tan. Amèn. (Liv Priyè Toulejou yo, p. 126)

Yon kanpo (5 min.)

Sesyon 5: Beni moun (30 min.)

Pataje lafwà n, epi bay epi sèvi lòt san egoyis.

- Lidè a oubyen volontè a va di 2 mo pandan 3 a 5 minit sou aktivite pa li nan kesyon beni moun, li va poze kesyon tankou: Ki lè ou te santi ou te beni nan ane ki sot pase a?
- Egzèsis: Fè patisipan yo chita oubyen fè yo kanpe pa pè, do pou do/ Chak moun nan pè a ap gen pou li di ki fason li santi li te beni; L ap di sa tou dousman. Apre yo toude fin pale, asosye yo ap kanpe fasafas ak lòt epi yo chak ap di kouman yo chak te yon benediksyon pou lòt moun. Finalman, asosye yo va remèsye Bondye pou asosye sa a epi youn va beni lòt.

- Fini sesyon an ak yon priyè lidè a fè oubyen yon volontè ki te prepare pou sa davans, oubyen di priyè sa a:

O Bondye se nan wou tout bon bagay soti: Pèmèt bon lide pase nan tèt nou gras ak enspirasyon w, epi gras ak mizèrikòd ou ou va gide nou pou nou fè yo; ak Jezikri Senyè nou an, ki ap viv e ki ap dirije ansanm ak ou e ak Lespri Sen an, yon sèl Bondye pou tout tan e tout tan. Amèn.

(Ti liv #5, Liv Priyè Toulejou yo, p. 229)

Yon kanpo (5 min.)

Sesyon 6: Ale (30 min.)

Travèse fontyè, koute byen koute, epi viv tankou Jezikri.

- Lidè a oubyen volontè a va di 2 mo pandan 3 a 5 minit sou aktivite pa li nan ale (an misyon), li va poze kesyon tankou: Ki lè ou te rankontre ak Bondye nan kontèks fè efò pou w depase kominote w la, kontèks pa wou, epi nan ki pwen ou konfòtab?
- Egzèsis (Prepare w pou w pratike Chemen renmen an): Divize gwoup la an 2. Di yon gwoup pou yo fòme yon sèk ki bay fas sou deyò. Mande lòt gwoup la pou li fè yon sèk ki antoure premye sèk la, men ki bay fas pa anndan pou chak moun gen yon patnè devan li.
 - » Yon konvèsasyon 2 minit ak patnè a: Chak patnè ki kanpe fas a fas ap, yo chak va gen tou pa yo pou youn poze lòt kesyon, “Nan kesyon viv dapre Chemen renmen an, ki sa ki ap pi difisil pou wou?” Epi chak patnè va reponn.
 - » Nan youn nan sèk yo (kit anndan kit deyò) gen yon moun ki deplase al adwat.
 - » Ak yon nouvo asosye mande: “Ki ankourajman ou bezwen pou w pratike chemen renmen an?”
 - » Menm sèk la ankò fè yon moun deplase al adwat.
 - » Ak yon nouvo asosye, yo mande kesyon sa a epi yo reponn ni tou:” Ki premye bagay w ap fè pou kab pratike Chemen renmen an?”

Priyè final (20-40 min.)

- Fini ak yon priyè pou lèswa oubyen ak Ekaris la, lekti yo seleksyone, priyè yo, koleksyon materyèl yo, chan ki soti nan materyèl litijik Chemen renmen an, bagay ki konsantre sou “Adorasyon” patikilyèman. Reflechi sou lekti yo an kominote, pandan n ap reflechi sou ki kote epi ki lè yo ede nou adore Bondye toutbon vre.
- Enkli kontra pou moun k ap pran Angajman pou Chemen renmen an nan materyèl litijik Chemen renmen an.